# Qaraqalpaqstan Respublikası Shomanay rayonı Málimleme-kitapxana orayı.



Ana tilimdegi sózlerdi eles,

Esitiwden deneme kirdi jan,

Men hám bildim,maǵan táwipler emes,

Tek ana tilim baǵıshlar dárman.

# Dağıstan juldızı

**Avar xalqınıǹ ataqlı shayırı Rasul Gamzatov(1923-2003).**

Ótken ásirde parlaǵan juldızlardan biri, jáhán ádebiyatına ótken XX asir sawǵa etken ullı ólmes tulǵalardan biri , shubhasız, Dağıstan juldızı – Rasul Gamzatov. Rasul Gamzatov lirikası házirgi zaman kóp tilli awqam poeziyasınıń Jetiskenliklerinen biri .Bul shin Dağıstandaǵı kishkene Qoysuw dáryasınıń jaǵalawınan kóterilip onıń qar jamǵırlanǵan asqar biyik tóbesi quyashqa shaǵılısıp planetamızdıń barlıq jerlerinen kózge shaǵılısıp shalınıp turǵan eldiń perzenti. Rasul Gamzatovtıń tuwılǵan kúnine baylanıslı bul qollanba Sada awılınan shıqqan ápiwayı insanǵa arnaladı. Rasul Gamzatov 1923-jıl 8- sentyabrde , Dağıstan Respublikasi, Xunzax rayonı Sada awılında dúnyaǵa keledi. Orta mektepti tamamlap, Avar pedagogikalıq uchilishesine kirip 1939-jılı tamamlaydı. 1941-jıldan baslap muǵallim bolıp isleydi. Keyin teatrda rejissyor járdemshisi, gazeta hám radioda jurnalist bolıp isleydi. 1945-1950 jıllar Moskva qalasındqaǵı Gorkiy atındaǵı institutta oqıydı. Neshshe jıllar Dağıstan jazıwshılar sezdinde delegat boldı. Ol qosıq jazıwdı 1932-jılı baslaǵan hám 1937-jıldan baslap "Bolshevik tawı" degen gazetada jáеiyalana baslaǵan. Onıǹ birinshi kitabı avar tilinde 1943-jılı shıqtı. Ol avar tiline rus ádebiyatı shıǵarmaların awdardı. Shayır awdarmashı N Grevnyov onıǹ "Tırnalar" shıǵarmasın rus tiline awdardı . Onı M.N.Bernes 1969-jılı nama menen atqarıp shıqtı. Rasul Gamzatovtıǹ basqa qosıqlarına da nama jazıldı. Máselen "Quyashlı kúnler joq boldı" qosıǵı.

Rasul Gamzatov penen bir qansha rus kompozitorları isledi. Olar Dmitriy Kobalevskiy, Yan Frankel, Raymond Pauls, Yuriy Antonov, Aleksandra Paxmutova. R.Gamzatov "Novıy mir",

"Drujba narodov"jurnalları hám "Literaturnaya gazeta", "Literaturnaya Rossiya" gazetalarında hám basqa da gazeta jurnallarda isledi. 1951-jıldan ómirininì aqırına shekem Dağıstan Jazıwshılar awqamın basqardı. Bir neshe poeziyalıq, prozalıq hám publicistikalıq kitapları avar hám rus tillerinde, kóp tiilerde Dağıstan, Kavkaz hám dúnya júzine jayıldı.

Rasul Gamzatov 2003-jıldıǹ 3.-noyabrinde dúnyadan ótti. Dağıstan ádebiyatı juldızı esteligi jer júzi xalqı yadında saqlanadı.

Shayırdıń óz tuwǵan jerin qızǵın muhabbat penen súyiwi tábiyǵıy, biraq tuwǵan xalqınıń, óz zamanlaslarınıń shayırdı jalınlı muhabbat penen súyiwi,-bul basqa gáp. Kishkene taw úlkesi Dağıstan xalqınıń óz shayırı bolıp tanıldı. "Meniǹ dağıstanım" kitabı onıǹ eǹ jaqsı shıǵarmalarınan bolıp esaplanadı. Onıǹ turmıs hám ádebiyat, ana watan hám zamanlaslar haqqındağı "Meniǹ dağıstanım"" (1-2 kitaplar, 1967-71) lirik qıssası 60-jıllardıǹ 2-yarminda qardash xalıqlar adebiyatında jasalma watansúyiwshilik ideyalar ornına milliy ideya hám milliy túsinigin rawajlandırıwda áhmiyetli rol oynaǵan. Tağı da "Meniǹ jurtım" (1948), "Tawlar úlkesi", "Tuwılǵan jılım" (1950), "Katta og'a sha'niga" (1952), "Dağıstan báhári" (1955), "Qalbim meniǹ tawlarda" 1959), "Biyik juldızlar" (1962), "Bitikler" (1963), "Juldız juldız benen sóyleser" (1964), "Jıllar artınan jıllar" (1968), "Oshaq basında" (1969), "Chegara" (1972), "Muhabbatnama" (1974), "Sońǵı baha" (1976) hám basqa shıǵarmalar avtorı. Jer júzindegi barlıq kitapqumarlarǵa tili, dini, dúnyaqarasınan qattenázer hámmege birdey unadı. Bul shıǵarmaǵa usas shıǵarmalar dóretiwge bir neshe urınıslar boldı, biraq bunday shıǵarma dóreliw qıyın. R Gamzatov shıǵıs hám batıs dástúrlerin tutastırǵan tochkadaǵı payda bolǵan tákirarlanbas talant. Shıǵıs poeziyası hám tawlı úlke insanlarınıǹ ózine tán ruwxıy álemin sáwlelendiriwshi qosıqları 50-jıllarda millyligi, haqıyqatlıǵı, lirik sezim hám tuyǵılardıǹ hadallıǵı menen kitapqumarlar hám sınshılar kewlinen jay alǵan. Onıǹ

qosıqlarınıň lirik qaharmanı insandağı jaqsı pazıyletlerdi qádirley biliwshi ózi hám basqalardan mehir-muhabbattın ayamaytuğın, úlken turmıs tájiriybesine iye bolġan, ruwxıy álemi bay hám gózzal insan. Ol dástan janrında da shıġarmalar dóretip, , "Ákem menen sáwbet" (1953), "Taw qızı" (1958), "Analardı asraň" (1978) sıyaqlı dástanlar jaratqan.

Rasul Gamzatov kishipeyil, dana, keň peyilli adam edi. Ózi jırlaġan tawlarına say sadıqlıq ol insanda bar edi. Ol uzaq jıllar dawamında Dağıstan jazıwshılar awqamına basshılıq etedi. Dağıstanda túrli til wákilleri jasaydı. Rasul Gamzatov názik tábiyatlı shayır , qanshelli ómirdi shın júrekten súymesin , onıň kewlin zaman teňsizligi qıynaydı.

